

Pouki Yo Pale Franse Nan Lekòl Ayisyen Yo?

Lindsay Vecchio, *University of Florida*

Lè nou aprann yon nouvo fèt, li pi fasil aprann li nan lang lakay nou. Nan lekòl primè timoun aprann li liv, yon konpetans enpòtan ak difisil. Anpil etid montre timoun kapab aprann li liv pi byen nan lang lakay yo (Hebblethwaite, 2012). Aprann li liv enpòtan e l difisil, men li kapab pi fasil si timoun yo aprann li nan lang lakay pa yo, pouki-sa nan Ayiti anpil timoun aprann li liv nan fransè? Pouki-sa timoun Ayisyen yo pa aprann li liv nan lang lakay yo, lang kreyòl? Pouki-sa nan lekòl ayisyen yo, pwofesè pa pale lang kreyòl pou ede timoun konprann nouvo fèt? Lide yo nan liv *Ti dife boule sou istwa Ayiti* pa Michel Rolph Trouillot (1977) kapab ede nou konprann pouki sa 200 ane apre defèt kolon franse yo, nan lekòl ayisyen yo pwofesè kontinye pale franse epi timoun kontinye aprann li liv franse, pa liv kreyòl.

Liv istwa di revolisyon Ayisyen te chanje yerachi sosyal nan Sandomeng paske kolon te kite zile a epi ansyen esklav te vin chèf nan Ayiti. Trouillot pa dakò, li kwè apre revolisyon an yerachi sosyal nan peryòd kolonyal la te rete kanpe tengfas nan Ayiti. Anplis yerachi sosyal sa a toujou egziste nan Ayiti jiska jodi a.

Dapre Trouillot, Touden te itilize yon ideyoloji “fanmi” pou fè moun nan Sandomeng kwè ke tout moun egal ego. Men lè Touden te chwazi moun pou sèvi nan gouvènman an, tout moun pa te egal ego. Nan gouvènman Touden prèske tout sivil te sòti klas komisyonè ak mèt bitasyon (p.125). Moun sa yo te genyen pouvwa politik e ekonomik nan Ayiti kolonyal. Nan Ayiti endepandan an, moun sa yo te kontinye gen pouvwa. Trouillot montre moun ki te gen pouvwa nan Sandomeng kolonyal te menm ak moun ki te gen pouvwa nan Ayiti endepandan. Revolisyon an pa te chavire sistèm klas nan Ayiti. Moun klas anlè te gen pouvwa politik ak ekonomik nan Ayiti kolonyal epi yo te kontinye gen pouvwa sa yo nan Ayiti endepandan.

Dapre Trouillot, mank chanjman yerachi sosyal te mare ak yon mank chanjman sistèm ekonomik nan Ayiti endepandan. Nan Sandomeng kolonyal, sistèm ekonomik te baze sou ekspòtasyon danre tankou sik, koton, ak kafe. Pou fè agrikilti danre, yon moun bezwen yon gwo moso latè. Akoz tè te limite, nan yon sosyete ki depann sou agrikilti danre, gen kèk mèt bitasyon ki gen yon gwo moso latè, epi gen anpil moun ki travay sou tè pa yo. Mèt bitasyon vin rich lè yo vann danre, men travayè rete pòv paske mèt yo pat pataje pwofi ak yo. Moun ki travay sou bitasyon rete pòv. Nan yon ekonomi depandan sou agrikilti danre, moun pa kapab egal ego nan yon sans ekonomik paske moun ki gen tè vin rich epi moun ki pa gen tè rete pòv.

Trouillot montre pandan peryòd endepandans, Touden te kwè nan yon ideyoloji “respekte byen” (p.124). Li vle mèt bitasyon gade gwo moso tè pa yo, li pa vle bay lòt moun plis tè. Lè chèf Ayisyen pa te chanje distribisyon tè a, yo te mare Ayiti nan yon ekonomi baze sou vant danre ki pouse sou gwo bitasyon. Pou fè yon chanjman nan sistèm ekonomik la, chèf nan Ayiti endepandan te bezwen imajine yon lot sistèm ekonomik ki pa te depann sou ekspòtasyon danre. Men yo te deside gade sistèm ekonomik baze sou danre. Nan sistèm ekonomik sa a, gen kèk moun rich ak anpil moun pòv. Epi jodi a, tankou nan peryòd kolonyal, Ayiti gen yon sistèm ekonomik ki fè kèk moun rich ak anpil moun pòv.

Pandan revolisyon an, Ayisyen te gade sistèm klas sosyal ak sistèm ekonomik peryòd kolonyal la te bati. Anplis yo te gade lang pa kolon an tou. Nan ane 1801 Ayisyen te ekri konstitisyon pa yo. Li te di tout moun egal ego. Li te bay tout moun dwa gen byen. Li te bay tout moun libète. Men konstitisyon Ayisyen te ekri nan franse. Lè li pale sou konstitisyon an, Trouillot di “pi fò ofisye gouvènman an pa t fouti konprann twòp twòp, menm si yon lektirè te li pou yo tout pale franse” (p.107). Si konstitisyon Ayisyen an ekri nan lang franse epi pa gen tout

moun Ayisyen kapab konprann li, èske tout moun vrèman egal ego? Èske tout moun gen dwa egal ego konprann konstitisyon pa peyi li? Èske tout moun gen libète vreman? Èske tout moun gen libète tande ak pale lang pa li? Trouillot di “kontradiksyon franse/kreyòl la te enskri nan pwòp langaj konstitisyon an” (p.107). Trouillot montre yon kontradiksyon lang ki te kòmanse pandan revolisyon an lè chèf revolisyon yo te ekri konstitisyon an nan lang franse epi te gade franse tankou lang ofisyèl nan Ayiti. Kontradiksyon sa a kontinye jiska jodi a nan sosyete Ayisyen an epi sitou nan lekòl Ayisyen yo.

Nan tout sosyete, paran vle pitit yo gen yon lavi miyò pase lavi pa yo. Souvan paran reve pitit yo ta jwenn yon bon djòb kote yo kapab genyen anpil lajan. Nan anpil sosyete, moun edike gen plis opòtinite jwenn yon travay byen peye. Akòz edikasyon kapab ede moun jwenn yon bon djòb, anpil paran vle pitit yo jwenn yon bon edikasyon. Tankou paran nan tout sosyete, paran Ayisyen vle pitit yo jwenn yon bon edikasyon, yon bon djòb, epi viv yon lavi miyò pase lavi pa yo.

Jodi a, sistèm edikasyon nan Ayiti gen anpil pwoblèm ki pa p rezoud fasil. Pwoblèm sa yo egziste sitou paske gouvènman Ayisyen an pa gen anpil lajan ak otorite pou finanse ak jere yon bon sistèm edikasyon (Dejean, 2010). Pwoblèm sa yo, ki chita nan nivo gouvènman, pa rezoud fasil. Li pi fasil rezoud pwoblèm ki chita nan nivo salklas paske direktè lekòl la, pwofesè yo, paran yo, ak pitit yo menm kapab rezoud yo ansanm.

Yon pwoblèm ki chita nan salklas Ayisyen se lizaj lang franse. Nan Ayiti, anpil timoun pa jwenn siksè nan lekòl. Yo pase anpil ane nan menm klas epi yo pa kapab avanse nan klas siperyè. Finalman, anpil timoun pa fini lekòl primè (Hadjadj, 2000). Echèk nan lekòl gen anpil rasin, men lizaj lang franse se yon rasin.

Hebblethwaite (2012) te ranmase anpil etid ki te fè nan plizyè peyi toupatou nan lemond. Etid sa yo te montre menm nan ti peyi ki gen yon lang ki pa gen anpil moun ki pale l, timoun kapab aprann li liv pi byen nan lang lakay yo. Souvan timoun nan peyi pitit aprann li liv nan yon dezyèm lang, men sèlman apre yo kapab li liv nan lang lakay yo. Nan lekòl Ayisyen, pwofesè yo anseye timoun li liv sèlman nan franse. Iv Dejan (2006) kwè timoun Ayisyen pa aprann li liv byen paske yo pa kapab konprann sa y ap li paske yo pa konprann franse. Paske yo pa konprann sa liv la di, timoun Ayisyen pa aprann nouvo fèt nan lekòl. Akòz yo pa aprann ni li liv ni nouvo fèt, timoun Ayisyen pa jwenn siksè nan lekòl.

Nan lane 1979 gouvènman Ayisyen an te rekonèt pwoblèm timoun Ayisyen pa jwenn siksè nan lekòl. Pou amelyore sitiyasyon sa a, minis edikasyon Bernard te fè yon lwa ki te fè kèk chanjman preliminè nan sistèm edikasyon nan Ayiti. Yon chanjman te di timoun Ayisyen dwe kòmanse aprann li liv nan kreyòl epi, lè yo pi gran, yo ta aprann li liv nan franse. Minis Bernard te kwè chanjman sa a kapab ede timoun aprann miyò. Men lè piblik la te konnen chanjman konsènan li liv nan kreyòl, paran rich, paran pòv, ak pwofesè pa te renmen lwa sa a ditou (Chaudenson, 2006).

Pouki sa paran ak pwofesè te rejete lwa Bernard? Paske yo vle timoun Ayisyen aprann franse nan lekòl. Men si anpil pitit Ayisyen pa te kapab jwenn siksè nan yon lekòl kote yo te sèvi ak lang franse, pouki sa granmoun vle timoun ale nan yon lekòl kote yo pa gen yon chans pou reyisi? Se paske nan Ayiti, kapasite pale franse mare ak siksè finansye ak sosyal.

Bourdieu (1991) te rele kapasite pale lang pa gwoup opouvwa yon “kapital kiltirèl.” Nan pansè Bourdieu, yon kapital kiltirèl tankou yon kalite kapital finansye; moun kapab twoke li pou lòt byen. Nan Ayiti, moun bezwen twoke kapasite pale franse pou yon plas nan klas anlè.

Trouillot te montre peryòd kolonyal ak revolisyonè te bati yon sistèm ekonomik nan Ayiti ki fè kèk moun rich ak anpil moun pòv. Depi peryòd sa a, klas anlè, klas ki rich, klas ki

opouvwa pale franse ak kreyòl. Moun nan klas sa a konnen sèvi yo ak de lang. Lè yon moun vle montre li fè pati gwoup opouvwa li pale franse. Lè yon moun vle monte fè pati gwoup opouvwa, li bezwen montre li kapab pale franse. Moun ki nan klas opouvwa bezwen montre li gen “kapital kiltirèl” konesans lang franse.

Nan Ayiti klas anlè piti, pa gen anpil moun rich. Anplis pa gen anpil opòtinite jwenn yon bon travay. Men tout paran Ayisyen reve pitit pa li ta jwenn yon bon djòb. Tout moun konnen pou jwenn yon bon djòb yon moun bezwen pale franse. Se pou sa tout paran vle pitit pa yo aprann pale franse ak li liv franse nan lekòl.

Timoun ki soti kay pòv pa nan menm sitiyaasyon lengwistik ak timoun ki soti kay rich. Akòz paran yo pa pale franse, timoun pòv bezwen aprann pale ak li liv franse nan lekòl. Timoun ki soti kay rich gen paran ki kapab pale franse alò yo gen konesans pale franse, nan lekòl yo bezwen sèlman aprann li liv franse (Trouillot- Lévy, 2010). Byenke timoun pòv ak timoun rich pa rive nan lekòl ak menm konesans lengwistik, tout timoun ta renmen aprann pale, li, ak ekri franse.

Paran rich tankou paran pòv gen yon menm rev: yo vle pitit pa yo jwenn yon bon travay ak viv yon bèl lavi. Paran rich konnen si pitit yo vle rete kanpe nan klas anlè, yo bezwen konnen franse. Paran pòv konnen si pitit yo vle monte pi wo nan sistèm klas sosyal, yo bezwen konnen franse. Paran timoun Ayisyen pa te renmen lwa Bernard paske yo te pè si pitit pa yo pa te aprann franse chak moman nan lekòl yo pa ta kapab aprann li. Epi li enpòtan aprann franse paske si yon moun vle gen yon bon kondisyon finansye ou sosyal li bezwen pale franse.

Men si pwofesè te wè timoun pa kapab aprann byen lè yo pale ak li franse nan lekòl, pouki sa yo te kont lwa Bernard? Pouki sa yo pa vle sèvi ak kreyòl nan salklas pa yo? Nan Ayiti, lang franse mare ak moun ki edike. Yon moun ki kapab pale franse edike, epi li merite respè. Nan Ayiti pwofesè pa gen anpil lajan, men yo gen respè. Apre lwa Bernard, paran vle pwofesè kontinye sèvi ak lang franse nan salklas. Pwofesè vle kontinye gen respè anplis yo vle montre yo edike, yo kapab sèvi ak lang franse. Pou rezon respè ak montre edikasyon pa yo, pwofesè te kontinye sèvi ak lang franse nan salklas yo.

Nan liv pa li, Trouillot montre anpil pwoblèm nan Ayiti jodi a gen rasin nan peryòd kolonyal. Rasin pwoblèm jodi a long, men sa pa vle di moun Ayisyen yo pa kapab derasinen pwoblèm sa yo epi chanje sosyete Ayisyen an. Yon chanjman ki kapab amelyore Ayiti se konstriksyon yon sistèm edikasyon natif natal kote tout timoun kapab gen siksè.

Yon sistèm edikasyon natif natal Ayisyen bezwen baze sou anviwònman, lang, kilti, ak istwa Ayisyen. Nan yon sistèm edikasyon natif natal Ayisyen, timoun pral aprann miyò paske sistèm nan ta baze sou anviwònman, lang ak kilti lakay timoun. Anplis, sistèm sa a kapab rann Ayisyen pi fyè sou lang, kilti, ak istwa pa yo. Bay leson lekòl nan lang Kreyòl pral chanje kondisyon lang Kreyòl nan sosyete Ayisyen. Si tout timoun aprann li ak ekri nan Kreyòl, moun Ayisyen pral gen yon bon nivo nan lang pa yo epi yo kapab wè lang Kreyòl itil anpil nan Ayiti. Anplis, aprann leson baze sou kilti ak istwa Ayisyen pral ede timoun Ayisyen konnen ak apresye istwa ak kilti pa yo. Yon sistèm edikasyon natif natal kapab ede timoun aprann byen e l ka fè yo santi yo fyè ak lang ak kilti Ayisyen.

Lwa Bernard te eseye bati yon sistèm edikasyon ki te itilize lang Kreyòl plis, men li te jwenn pwoblèm. Ki jan pou rezoud de pwoblèm prensipal lwa Bernard te kontre yo? Nan peryòd lwa Bernard, lekòl Ayisyen yo pa te gen materyèl edikatif nan Kreyòl epi anpil moun nan piblik la te kwè anseye leson nan Kreyòl te yon move lide. Pou bati yon sistèm edikasyon natif natal ki mache nan Ayiti, anpil moun bezwen travay ansanm. Paran, pwofesè, ofisye

gouvènman ak moun nan dyaspora Ayisyen bezwen kolabore pou bati yon sistèm ki mache pou tout timoun.

Pou rezoud pwoblèm mank materyèl edikatif, yon gwoup pwofesè Ayisyen bezwen kreye liv ak leson ki aprann syans, matematik, istwa, literati, elatriye nan lang Ayisyen, e ki baze sou kilti Ayisyen. Lè yo te kreye materyèl edikatif sa yo, yo bezwen bay chak pwofesè nan Ayiti materyèl yo epi anseye pwofesè sèvi ak yo. Gwoup pwofesè ki kreye materyèl edikatif yo ak ofisyèl gouvènman kapab mande moun nan dyaspora Ayisyen ede yo jwenn lajan pou pwojè sa a, men li enpòtan pou moun nan Ayiti kreye materyèl edikatif yo sitou pou timoun nan Ayiti.

Pou rezoud pwoblèm piblik la ki pa kwè nan pwojè a, pwofesè ak ofisyèl gouvènman kapab fè yon pwogram pilòtaj nan kèk lekòl desè pou demontre timoun Ayisyen kapab aprann pi byen nan yon sistèm natif natal baze sou lang ak kilti Ayisyen. Pou fè yon pwogram pilòtaj, pwofesè ak ofisyèl gouvènman ta chwazi kèk lekòl lavil ak kèk lekòl andeyò. Timoun nan lekòl sa yo ta aprann pou kèk lane nan sistèm natif natal. Apre kèk lane, timoun nan lekòl ki te fè pwogram pilòtaj ta fè menm egzamen ak timoun nan lekòl tradisyonèl epi moun kapab konpare konesans timoun nan de kalite lekòl. Si timoun ki aprann nan sistèm natif natal aprann pi byen, moun nan piblik la pral soutni nouvo sistèm nan epi li pral gaye nan chak lekòl Ayisyen.

Sistèm kolonyal te bati yon sosyete Ayisyen kote moun klas anlè itilize konesans lang ak kilti franse pou divize moun klas mwayèn ak klas anba. Sèvi ak lang ak kilti franse nan lekòl Ayisyen anpeche timoun ki pa gen konesans lang ak kilti sa a aprann byen. Lè anpil timoun pa kapab jwenn siksè nan lekòl, Ayiti pa kapab gen yon popilasyon byen edike. Yon popilasyon edike enpòtan pou tout moun nan Ayiti paske yon popilasyon edike kapab ede devlopman peyi a. Lè pou derasinen sistèm edikasyon ki baze sou lang ak kilti kolonyal gen tan rive. Tan pou bati yon sistèm edikasyon natif natal nan Ayiti se jodi a.

Bibliyografi

- Bourdieu, P. (1991). *Language and Symbolic Power*. Edited and Introduced by John B. Thompson. Translated by Gino Raymond and Matthew Adamson. Cambridge, MA: Harvard University Press.
- Chaudenson, R. (2006). *Education et langues Francias, Creoles, et langues Africaines*. Paris: L'Harmattan.
- Dejan, I. (2006). *Yon lekòl tèt anba nan yon peyi tèt anba*. Port-au-Prince: FOKAL.
- Dejean, Y. (2010). Creole and education in Haiti. In A. K. Spears & C.A. Berotte Joseph (Eds.), *The Haitian Creole language: History, Structure, Use and Education* (pp. 199-216). Lanham, MD: Lexington Books.
- Hadjadj, B. (2000). *Education for All in Haiti over the last 20 years: Assessment and perspectives*. Kingston, Jamaica: UNESCO.
- Hebblethwaite, B. (2012). French and underdevelopment, Haitian Creole and development: Educational language policy problems and solutions in Haiti. *Journal of Pidgin and Creole Languages*, (27)2, 255-302.
- Trouillot, M.R. (1977). *Ti dife boule sou istwa Ayiti*. Port-au-Prince: Edisyon KIK.
- Trouillot- Lévy, J. (2010). Creole in education in Haiti: A case study. In A. K. Spears & C.A. Berotte Joseph (Eds.), *The Haitian Creole language: History, Structure, Use and Education* (pp. 217-228). Lanham, MD: Lexington Books.